# G.ESEMURATOVA DŌRETIWSHILIGIN OQITIWDA INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANIW

*Nókis qalalıq MSh hám MBBne qaraslı*
*25-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń*
*Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshısı*
***Annakulova Mapruza Asamatdinovna***

**Annotaciya:**

Qaraqalpaq hayal-qızlar ádebiyatınıń belgili wákili G.Esemuratovanıń shıǵarmalarınıń ózgesheliklerin úyreniwde interaktiv metodlardan paydalanıwdıń nátiyjeliligi, jazıwshı shıǵarmaları arqalı jas áwladtı múnásip tárizde tárbiyalaw, olardıń sanasında házirgi kúnge shúkirlik sezimlerin oyatıw, hárqıylı metodlar hám de shınıǵıwlar arqalı oqıwshılardıń ádebiyatqa degen qızıǵıwshılıǵın joqarılatıw. Metodikalıq usınısta paydalanılǵan hárbir metodta oqıwshılardıń jas ózgesheligi hám de taza temanı túsinip alıwı máselesine ayrıqsha dıqqat awdarıldı.

**Gilt sózler:** G.Esemuratova dóretiwshiligi, metodlar hám de shınıǵıwlar, testler, bilimniń sınalıwı

**Annotation:**

This study examines the effectiveness of using interactive methods in exploring the distinctive features of the works of G. Esemuratova, a prominent representative of Karakalpak women's literature. Through the writer's works, special attention is paid to fostering the younger generation in an appropriate moral spirit, developing a sense of gratitude for the present day, and increasing students' interest in literature through various methods and exercises. In each method used in the methodological recommendations, particular emphasis is placed on taking into account students' age characteristics and ensuring a clear understanding of new topics.

**Key words:** G. Esemuratova's creativity, methods and exercises, tests, assessment of knowledge.

**Аннотация:**

В данной работе рассматривается эффективность использования интерактивных методов при изучении своеобразия произведений Г. Есемуратовой — известной представительницы каракалпакской женской литературы. Через творчество писательницы уделяется особое внимание нравственному воспитанию подрастающего поколения, формированию чувства благодарности за современную жизнь, а также повышению интереса учащихся к литературе с помощью различных методов и упражнений. В каждом методе, используемом в методических рекомендациях, особый акцент сделан на учёте возрастных особенностей учащихся и обеспечении осознанного усвоения нового материала.

**Ключевые слова:** творчество Г. Есемуратовой, методы и упражнения, тесты, контроль знаний.

**Kirisiw**

Qaraqalpaq hayal-qızlar ádebiyatınıń belgili wákili, qálemi ótkir, sózi júrekke qonımlı jazıwshı G.Esemuratovanıń dóretiwshiligin úyreniwde qollanılıw usınıs etilgen hárbir shınıǵıw hám de metos arqalı biz tómendegi talap hám maqsetlerge erisiwdi maqset etip qoydıq:

- Oqıwshılarda shaqqanlıq, tezlik hám birge islesiw, qarsılas topar aǵzaların húrmetlew, óz pikirine iye bola alıw qábiletlerin jetilistiriw;

- Oqıwshılarda kreativ pikirlew, dóretiwshilikti jetilistiriw, jańasha kózqaraslardı payda ete alıw uqıplılıqların rawajlandırıw;

- juwmaqlardı qabıllaw hám de onnan eń anıq hám de durıs pikirdi qabıl ete alıw uqıplılıǵın rawajlandırıw

- Alǵan teoriyalıq bilimlerin ámeliyatta hám de tanıs emes orınlarda qollana alıw kónlikpesin qáliplestiriw;

- Qaraqalpaq ádebiyatı pánine qızıǵıwshılıǵın jáne de arttırıw;

- Oqıwshılarda bir-birewine húrmet, muǵallim menen qarım-qatnas ádebin ele de jetilistiriw.

- Ádebiyattıń basqa pánler menen baylanıslılıǵın durıs túsine alıw.

- G.Esemuratova dóretiwshiligindegi ózgesheliklerdi anıqlay alıwǵa baǵdarlaw, jazıwshınıń shıǵarmalarınıń basqa ádebiyat wákileriniń dóretpelerinen ayırmashılıǵın anıqlay alıwına imkaniyat jaratıp beriw. h.t.b

G.Esemuratova dóretiwshiligin oqıtıw barısında “Balalarǵa járdem beriń” metodınan paydalanıw

G. Esemuratovanıń dóretiwshiligin oqıtıw barısında oqıwshılar shıǵarmanı onıń turmıslıq áhmiyeti hám kórkemlik qunı arqalı bahalaydı. Bul – ádebiyatqa eń ádil qaraýdıń biri. Jazıwshınıń shıǵarmaların túsiniw ushın onıń ómir jolı menen tanısıw muhim. G. Esemuratova Shımbayda tuwılǵan, balalıq shaǵı qıyınshılıqlar menen ótip, sol dáwir ruhın óz shıǵarmalarında shınshıl súwrette kórsete alǵan.

Jazıwshınıń shıǵarmalarında xalıq dárti, quwanıshı hám tereń filosofiyalıq oylar úlken orın aladı. Osınday mazmundaǵı shıǵarmalardı oqıtıwda “Balalarǵa járdem beriń” metodı nátiyjeli esaplanadı.

Bul metod urıs dáwirindegi balalardıń aǵır turmısın sezindiriw arqalı oqıwshılarda meyirimlilik, hamdardlıq hám juwapkershilik tuyg‘ısın rawajlandıradı. Metod eki plakat negizinde ótkiziledi. Birinshi plakatta azıq-awqat súwretleri bolıp, artında tema boyınsha sorawlar jazıladı. Ekinshi plakatta urıs dáwirindegi balalardıń súwretleri beriledi.





Sorawlar:

1.Juwırıp ketip, úyinen ákesiniń ótkir baltasın alıp kelgen qaharman kim edi?

2. Joqarıda ushıp kiyatırǵan balta pal shaqaǵa talasıp, qumbıl bolıp atırǵan kimniń tas tóbesine ǵırsh etip shanshıldı?

3. – Há... h! – dep bir shıńǵırdı da awnap tústi. Qaharmannıń keyingi táǵdiri qanday boldı?

Sorawlar usılay dawam etedi hám de oqıwshılar durıs juwap bere alsa, sorawlı ónimin ash balalardıń súwretleri ústine qıstıradı. Bul balalardıń bir-birine mehribanlıǵın asırıw menen birge búgingi párawan turmısqa degen shúkirshilik sezimlerin oyatadı.

G.Esemuratova shıǵarmaların oqıtıwda “Joytılǵan júzik” hám de“Tıńlap-túsin” shınıǵıwların qollanıw arqalı nátiyjege erisiw “Joytılǵan júzik” shınıǵıw

Metodtıń ulıwma mazmunı: Sabaq baslanıwdan aldın kishkene konvertler soǵamız hám de olardıń ishine búgingi tema boyınsha sorawlar jazamız. Bir konvertte júzik jasırılǵan, qaysı oqıwshınıń konvertinen júzik shıqsa, sol oqıwshı sawǵaǵa iye boladı. Konvertler kiyim ildirgishke jip arqalı ildiriledi. Sonday-aq onı aǵashtan estetikalıq jaqtan sulıw etip islep qıstırsaq ta boladı. Sawǵa oqıw quralları yaki G.Esemuratovanıń portreti bolıwı maqsetke muwapıq keledi.




7


Sorawlar salınǵan konvertler hám de júzik salınǵan konvertler kiyim ildirgishke jip arqalı qıstırıladı. Jazıwshı dóretiwshiligi óziniń kóp qırlılıǵı hám de ózgeshelikke iyeligi menen ajıralıp turadı. Sol sebepli de biz G.Esemuratova dóretiwshiligin úyreniw barısında

qızıqlı hám zawıqlı metodlardı paydalanıw arqalı temanı ele de tolıǵıraq hám de nátiyjelirek paydalanıwdı maqset etip aldıq.

Tıńlap-túsin” shınıǵıwı Bunda oqıtıwshı tárepinen G.Esemuratovanıń “Kergidegi pul” gúrrińi audio usılında oqıwshılarǵa esittiriledi. 2 márte tákirar esittirilgennen keyin, toparlarǵa tekst qaǵaz halında tarqatıladı. Olar sorawlarǵa durıs juwap beriwi hám de túsirilip qaldırılǵan sózlerdi ornı-ornına qoyıp jazıwı kerek boladı.

Úlgi: Audio esitiw ushın tekst. –«Há, seni me seni, kergidegi puldı alıp nege Qıdırbayǵa bereseń? Sondaǵı bergeni bir palawqabaq. Ekewin beremen dep ol aldadı. Ekinshi ret usınday qılıqtı qılasań ba? Apam pulın joytıp qansha qıylanǵanın bileseń be? Há…» dep quwırshaǵın jazalap, urıp atırǵanın apam esitip qaladı. Biraq, qızına bildirmesten arpasın ábden shaqqanlatıp sabap, quwanǵanınan sabawdı ábden qara terge túsip shırpıldatqan ǵoy. Apam sabawın bolǵannan keyin, Orazgúlge sezdirmey, Qıdırbaydıń úyine juwırǵan. Puldıń Qıdırbayda ekenin anıqlap, jarım-jartısın alıp keldi. Qalǵanın bilmeymen, óndirip alaldı ma, joq pa, esimnen shıqtı.

Jazıwshı dóretiwshiligin úyreniwde “5 kadr” metodınan paydalanıw






Bul metodtı toparda yaki jeke tártipte qollawımız múmkin boladı. Eger de jeke oqıwshıǵa berilse kadrlar sanın az, al toparlarǵa beretuǵın bolsaq, kadrlar sanın kóbeytken halda beriw múmkin boladı.

“Bes kadr” metodın biz G.Esemuratova dóretiwshiligin úyreniwde 9-klass sabaqlıǵındaǵı berilgen maǵlıwmatlardı úyreniwde paydalanıw boyınsha usınıs bermekshimiz. Bul sabaqlıqta jazıwshınıń ómiri hám dóretiwshiligi boyınsha maǵlıwmatlar beriliwi menen birge “Dúwdendegi dápter” povesti hám onıń bólimleri berilgen. Biz bul metodta oqıwshılardıń óz aldına jeke islesiwi ushın tapsırmalar beremiz hám de olar qolındaǵı kadrlarǵa G.Esemuratova dóretiwshiligi boyınsha maǵlıwmatlardı jazıwı kerek boladı. Bunda waqıyalar bayanı, qaharmanlarǵa xarakteristika yaki jazıwshınıń ómiri hám de dóretiwshiligi boyınsha maǵlıwmatlar jazıwı múmkin boladı.

“Kim dóretiwshi???” shınıǵıwı

Bul shınıǵıw taza tema túsindirilip bolınǵannan keyin paydalanıladı. Oqıwshılar kergi, Orazgúl, pul hám qabaq, urıs dáwiri jaǵdayların túsinip bolǵannan keyin, usı waqıyaǵa qusaytuǵın, lekin basqasha kórinistegi waqıyalı gúrriń dúziwi, A4 yaki A3 formatındaǵı qaǵazǵa ózleri dúzgen gúrrińniń súwretin sızıwı kerek boladı. Bunda gúrriń dúziwge yaki súwret salıwǵa belsene qatnasqan hárbir oqıwshı “Dóretiwshi oqıwshı” medalı menen sıylıqlanadı.




“Durıs-nadurıs” metodı

Bul metodtıń shártin orınlaw ushın hár topardan eki oqıwshıdan shıǵaramız. Olardıń qulaqlarına qulaqshın taǵamız hám de telefonda olardıń hárbirine túrlishe maǵlıwmatlar beriledi. Bunda birinshi maǵlıwmat, ekinshi maǵlıwmat dep aytıp ótiledi. Taxtadaǵı qaǵazǵa jazılǵan sanlarǵa durıs yaki nadurıslıǵın jazıp qoyadı. Keyinshelik oqıtıwshı qaǵazǵa qarap olardıń miynetiniń durıs ya nadurıslıǵın tawıp, bahalaydı.



**Juwmaq**

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq ádebiyatında óziniń girewli ornına iye, óz oqıwshısınıń qálbin tereń iyeley alǵan, eki ásir ádebiyatın óz qálemi menen boysındıra alǵan jazıwshı, aramızda bar bolǵan tiri qaharman, ádebiyat jan kúyeri G.Esemuratovanıń hárbir shıǵarmasında zaman ruwxı, qaharmannıń ishki debdiwleri, tariyx, búgin hám keleshek óz sáwleleniwin tapqan.

Kórkem estetikalıq jaqtan joqarı talǵamǵa iye bolǵan hárbir shıǵarması arqalı oqıwshılardıń kórkem ádebiyatqa degen qızıǵıwshılıǵı joqarılasa, ádebiyatshı izertlewshilerdiń ilimge degen ıqlası artıwı sózsiz. Biz bul metodikalıq usınısımızda ámeliyat penen teoriyanı birlestire alatuǵın metod hám de shınıǵıwlardı paydalanıwǵa háreket qıldıq. Jazıwshı dóretpelerin tereńirek úyreniw ushın, álbette, pedagog óz ústinde tereńirek islewi, shıǵarmanıń túp-mánisin ańlap jetiwi, oqıwshılardıń oylaw-dárejesin, sana-sezimin joqarılatatuǵın maǵlıwmatlardı berip barıwı kerek boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. A.Avlayev., S.R.Mirzayeva., Sh.R.Samarova Maxsus fanlarni óqitish metodikasi. Óquv qóllanma. – Toshkent: “Yangi Chirchiq book” 2022.
2. D.Tojiboyeva. Maxsus fanlarni óqitish metodikasi. – T.: “Iqtisod-Moliya”, 2020,
3. P.Nurjanov, J.Umatova, G.Begmuratova, D.Nurseytov. Ádebiyat. 5-klass ushın sabaqlıq. Tashkent-2024, II bólim
4. T.Mámbetniyazov, Z.Bekbergenova, Z.Mámbetniyazova. Ádebiyat, 9-klass ushın sabaqlıq. Nókis “Bilim” 2019
5. Mirzayeva.F.O. Pedagogika nazariyasi va tarixi. Toshkent, 2023

6. Omonov.N.T. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat. Toshkent, “Iqtisod-moliya”. 2009.
7. O.Hasanboyev, J.Hasanboyev, H.Hamidov. Pedagogika tariyxı. Toshkent-2004 8. Esemuratova.G. Shıǵarmaları V tom, “Ilim” 2018 9.Esemuratova.G. Shıǵarmaları I tom, “Bilim”, 1995